

ENFOMASYON

Pou Prizonye ki Agrese Lòt Prizonye Seksyèlman:

**Yap emèt yon rapò
"Disciplinary Re-
port" sou w. Si
yo detèmine ke w
koupab, sanksyon
yo pral di anpil.
Dapre lwa Florid
yo gen dwa ba
w yon akizasyon
kòm kriminèl.**

Yo pral revize kategori sipèvizyon w la ak pwobableman ogmante li, ki vle di petèt transfere w nan yon prizon maksimòm sekirite oswa yon seksyon kote yo vreman limite mouvman yo ak privilèj w yo. Si w genyen fanmi, kouman sa pral ajji sou yo epi/oswa kouman yo pral kapab vizite w ?

Si w genyen pwoblèm pou kontwòl tèt w....
Kontakte ekip medikal ki okipe sante mantal la pou yo ete w.

Pou bese santiman kòlè ak agresyon ki andedan w la....

- ✓ Eseye pale oswa ekri yon zanmi w.
- ✓ Fè kek mouvman respirasyon oswa meditasyon pou rilaks.
- ✓ Chwazi yon pastan, oswa kòmanse fè yon espò kekkonk.

AGRESYON SEKSYÈL

Agresyon Seksyèl jan li etabli nan lwa FSS 794.011 vle, di penetrasyon ak zouti seksyèl yon moun nan bouch, nan vajen oswa nan dèyè oswa penetrasyon ak yon lòt bagay nan dèyè oswa nan vajen, mèzalò, yo pa rele agresyon seksyèl si se yon tès oswa pou nenpòt rezon medikal ke yo blije fè zak sa-a.

Agresyon seksyèl ajji sou tout moun, ke dirèkteman oswa atravè eksperyans moun nou renmen yo viv. Se pa sèlman zafè fanm paske li gen dwa rive nenpòt moun nenpòt sèks, laj, ras, gwoup etnik, nivo sosyal, tandans seksyèl, oswa enfimite.

Estatistik yo se prèv pwoblèm sa-a: Dapre sondaj ki rele "National Crime Victimiza-tion Survey (NCVS)", nan ane 2002 te genyen 247,730 viktim kadejak (chif sa-a pa enkli viktim aje 12 an ou mwenske 12 an yo), 7 sou chak 8 viktim kadejak se te gason. Genyen yon etid ki te fèt an 1998 ki endike ke 2.78 milyon gason Ameriken te viv eksperyans yon atanta kadejak oswa yo te fè kadejak la menm sou yo epitou youn sou chak sis fanm Ameriken te viv eksperyans yon atanta kadejak oswa yo te fè kadejak la menm sou yo.

- »» Kadejak ak agresyon seksyèl fèt sou fi ak gason ki gen nenpòt laj, depi ti bebe rive jiska nan laj grandèt.
- »» 98 pousan gason ki fè kadejak sou ti gason di konsa ke yo pa omoseksyèl. Lapolis gason ki fè agresyon sou gason oubyen fanm se moun marye oubyen yo di yo genyen menaj yo.
- »» Agresyon seksyèl pa genyen anyen pou w ak tandans seksyèl viktim la jodiya oswa nan lavni. Viktim yo gen dwa pa omoseksyèl oubyen yo gen dwa omoseksyèl.
- »» Se pa fot yon reskape si yo fè kadejak sou li, menmsi li te yon kote ki izole, oswa menmsi anvan li te dakò pou fè seks ak agresè a.
- »» Se pa paske yon gason ki viktim yon agresyon seksyèl ejakile oubyen li bande pou yo konprann ke yo pa te fè kadejak sou li epi ke li te dakò. Sa se de reyaksyon fizyolojik nòmal ki fèt envolontèman.
- »» Dabitid reskape agresyon seksyèl yo genyen de santiman de lawont, kòlè, kilpabilite, panik, depresyon, epi lapèrez pandan plizyè mwa oswa ane apre atak la te fèt. Dabitid lòt reyaksyon yo enkli pèdi apeti, noze oubyen kolik, maltèt, pèdi memwa yo ak /oubyen pwoblèm konsantrasyon ak chanjman nan jan li te konn dòmi.

Èske w konnen?

EVITE KADEJAK

- ✓ Sèl jan w kapab evite kadejak fèt se si evantyèl kadejak a chwazi PA fè kadejak la. Mezalò, w kapab evite yon atak jis sonje pou w swiv konsèy sa yo ki ekri anba la-a:
 - Rete tèt klè nan nenpòt sityasyon kote w santi w maalèz. Swiv ensten w yo. Si w santi li mal, ALE..
 - Pa kite jantiyès w anpeche w kenbe tèt w an sekirite. Se pou w pa pè di "NON" oubyen "SISPANN KOUNYEYA."
 - Mache epi kanpe byen djann. Anpil kadejakè chwazi viktim yo paske yo sanble moun ki pap batay ak yo oswa yo se de moun ki gen feblès emosyonèl.
 - Evite konvèsasyon sou koze seks, epi evite rete toutouni. Bagay sa yo gen dwa parèt tankou si wap file lòt moun la, oswa sa gen dwa fè lòt prizonye a konprann ke w enterese etabli yon relasyon seksyèl.
 - Pa asepte anyen de magazen prizon an oswa ankenn kado nan men lòt prizonye yo. Si w mete tèt w nan pozisyon pou w dwe lòt prizonye, sa gen dwa fè yo konprann yo gen dwa mande w desèvi yo seksyèlman pou repeye dèt la.
 - Evite zòn ki izole yo. Mete w nan yon pozisyon pou w toujou anba je manm estaf yo. Si yap fè presyon sou w pou fè sèks, rapòte li bay yon sipèvizè imedyatman.

KISA POU W FÈ SI YO FÈ AGRESYON SEKSYÈL SOU W

- 1 Si atak la fèk fè....**
Chèche yon kote ki ansekirite. IMEDYATMAN RAPÒTE ATAK LA BAY YON MANM ESTAF LA.
 Plis w tann pou fè rapò a, plis lap difisil pou yo jwenn prèv nesèsè yo pou yo fè yon envestigasyon kriminèl ak/ oswa administrativ.
- 2 Imedyatman mande swen medikal.** W gen dwa pa menm santi sa men w gen dwa domaje, epitou nenpòt kontak seksyèl kapab ekspoze w a de maladi seksyèl ke kontak sa-a transmèt.
- 3 Pa benyen, bwose dan w, sèvi ak twalet la, oswa chanje rad w.,** oswa chanje rad w. Sa gen dwa detwi de prèv enpòtan.
- 4 Si w se yon viktim oswa w temwen yon atak, men w menm pèsoneyman w pa vle rapòte sa bay yon manm estaf, w kapab ranpli yon fòm "inmate request" a Sipèvizè Lokal la (Facility Supervisor).**

Aprè sa... Eseye jwenn sipò yon bon zanmi, manm fanmi oswa manm estaf, tankou Pè/Pastè a. W kapab twomatize pandan jou kap vini yo kidonk li bon pou w genyen moun ki renmen w epi ki sipòte w. Eseye jwenn èd pwofesyonèl. Ekip anplwaye Sante Mantal la disponib pou bay sen anka kritik 365 jou nan lane, yo la pou yo koute w epi ofri w sipò yo.

W kapab rele Liv Dijans Anka adejak nan (888) 956-RAPE (7273)

© 2014 National Center for Missing & Exploited Children. All rights reserved. This document is for informational purposes only and does not constitute an offer of services. For more information, visit www.missingandexploited.org.